# Qaraqalpaqstan Respublikası Bozataw rayonın shólkemlestiriw tuwralı

Usı jıldıń 4-sentyabr kúni Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń XXVII sessiyası bolıp ótti. Sessiyada Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Bozataw rayonın shólkemlestiriw haqqında Joqarǵı Keńestiń arnawlı qararı qabıl etildi. Tómende qarar teksti menen tolıq tanısıwıńız múmkin.

**Qaraqalpaqstan Respublikası Bozataw rayonın shólkemlestiriw tuwralı Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń**

**Q A R A R Í**

Qaraqalpaqstan Respublikası Kegeyli rayonınıń «Bozataw» posyolka puqaralar jıyını, «Erkindárya», «Qusqanataw», «Aspantay» awıl puqaralar jıyınları hámde Shımbay rayonı «Kók suw» awıl puqaralar jıyınınıń múrájatları, xalıq deputatları Kegeyli hámde Shımbay rayonlıq Keńesleriniń qararları, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń tiyisli puqaralar jıyınları aymaqların birlestirip Bozataw rayonın dúziw haqqında berilgen usınısın inabatqa alıp, Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyasınıń 67-statyası, «Qaraqalpaqstan Respublikasında hákimshilik-aymaqlıq dúzilis máselelerin sheshiw tártibi haqqında»ǵı Qaraqalpaqstan Respublikası Nızamınıń 1-statyası, «Geografiyalıq obektlerdiń atamaları haqqında»ǵı Qaraqalpaqstan Respublikası Nızamınıń 7-statyası hámde «Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń Reglamenti haqqında»ǵı Qaraqalpaqstan Respublikası Nızamınıń 49-statyasına muwapıq, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi

## Q A R A R   E T E D I :

1. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń quramında Bozataw rayonın dúziw haqqındaǵı Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń usınısı maqullanıp, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatı Kengashi hám Nızamshılıq palatası Kengashiniń qararları menen Qaraqalpaqstan Respublikası Bozataw rayonın dúziwge kelisim berilgenligi esapqa alınsın.
2. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Kegeyli rayonı quramındaǵı «Bozataw» posyolka puqaralar jıyını, «Qusqanataw», «Erkindárya», «Aspantay» awıl puqaralar jıyınları hámde Shımbay rayonı quramındaǵı «Kók suw» awıl puqaralar jıyını aymaqları birlestirilip, ulıwma maydanı 2035,44 kv. km. bolǵan Qaraqalpaqstan Respublikası Bozataw rayonı dúzilsin.
3. Qaraqalpaqstan Respublikası Bozataw rayonınıń hákimshilik orayı etip «Bozataw» posyolka puqaralar jıyını belgilensin.
4. Qaraqalpaqstan Respublikası Kegeyli, Shımbay hám Bozataw rayonlarınıń shegaraları Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi tárepinen usınılǵan sızılmaǵa muwapıq tastıyıqlansın (qosımsha etiledi).
5. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesine:

Bozataw rayonı dúziliwine baylanıslı rayon hákimligi strukturasın, mámleketlik hám xojalıq basqarıw uyımlarınıń rayonlıq bólimlerin shólkemlestiriw jumısların alıp barıw;

rayon aymaǵındaǵı barlıq sociallıq mákemelerdiń házirgi jaǵdayı hár tárepleme xatlawdan ótkerilip kemshiliklerdi saplastırıw boyınsha «Jol karta»sın tayarlaw;

awıl xojalıǵı, sanaat, xızmet hám basqa ekonomikalıq tarmaq hám tarawları jaǵdayı sın kóz-qarastan úyrenilip, Bozataw rayonın 2019-2021-jıllarda sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw hám xalıqtıń turmıslıq sharayatın jaqsılaw Baǵdarlamasın islep shıǵıw hám zárúr bolǵan qárejetler kólemi

hámde onıń derekleri boyınsha anıq usınıslar beriw;

Bozataw rayonı orayın Bas joybar tiykarında qayta rekonstrukciyalaw hám abadanlastırıw boyınsha usınıslardın islep shıǵıw hámde Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine usınıs etiw tapsırılsın.

6. Kegeyli rayonı quramındaǵı «Bozataw» posyolka puqaralar jıyını, «Qusqanataw», «Erkindárya», «Aspantay» awıl puqaralar jıyınları hámde Shımbay rayonı quramındaǵı «Kók-suw» awıl puqaralar jıyını aymaqlarında jaylasqan saylaw okruglarınan saylanǵan xalıq deputatları Kegeyli hám Shımbay rayonlıq Keńesleriniń deputatları – xalıq deputatları Bozataw rayonlıq Keńesiniń deputatları bolıp esaplanatuǵınlıǵı belgilensin.
7. Xalıq deputatları Kegeyli, Shımbay hám Bozataw rayonlıq Keńeslerine saylaw okruglarınn dúziw hám deputatlar saylawın ótkeriw ilajların kóriw tapsırılsın.
8. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń «Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Bozataw rayonın tarqatıw haqqında»ǵı 2004-jıl 26-fevral kúngi 561-sanlı qararı óz kúshin joytqan dep esaplansın.
9. Qarardıń orınlanıwın támiyinlew Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Baslıǵınıń orınbasarı A.Xamraevqa júklensin.

**Qaraqalpaqstan Respublikası**

**Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı** **M.Erniyazov**

**Nókis qalası, 4-sentyabr 2019-jıl**